

# COVID-19

# Johnson & Johnson



## Kesyon Moun Poze Souvan sou Vaksen

4-26-2021

### **Kesyon sou vaksen Johnson & Johnson (Janssen) pou COVID-19 la**

Anpil nan nou te tande nouvèl la sou vaksen Johnson & Johnson (Janssen) COVID-19 la - epi nou konprann ou ka gen kesyon. Nan Mount Sinai, nou vle ba ou dènye enfòmasyon ou ka fè plis konfyans yo.

### **Poukisa founisè swen sante yo te gen enkyetid sou vaksen COVID-19 Johnson & Johnson (Janssen) la?**

Te gen ka izole kote moun ki devlope boul nan san apre yo te fin resevwa vaksen Johnson & Johnson (yo rele Janssen tou). Nou poko konnen si vaksen an te koze ensidan sa yo. Nan pwen sa a, te gen 15 ka sou 6.8 milyon dòz yo te bay yo. Pifò nan ka sa yo te rive kay fanm ki poko gen 50 lane, epi tout ki te fèt nan twa (3) semèn apre yo fin resevwa vaksen an.

### **Èske vaksen Johnson & Johnson otorize pou itilize kounye a?**

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) te fè yon kanpe ak distribisyon vaksen Johnson & Johnson (Janssen) COVID-19 pandan y ap evalye done sou evènman sa yo. Apre yo fin revize done yo, yo leve poz la vandredi 23 avril. Yo ka itilize Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) COVID-19 la kounye a pou tout pasyan ki gen 18 lane oswa plis Ozetazini, men yo pral pote yon etikèt avètisman sou evènman ra kote moun te gen boul san yo.

### **Èske mwen ta dwe enkyete si mwen te pran vaksen Johnson & Johnson lan?**

Nou konprann ou ka konsène si ou menm oswa yon pwòch ou pran vaksen an. Sepandan, ou ta dwe konnen sa yo se bagay ki ra anpil - epi nou pa konnen si yo gen rapò ak vaksen an. Ou ta dwe konsène si ou menm oswa yon pwòch ou devlope:

- Gwo tèt fè mal pèsistan oswa vizyon twoub
- Nouvo sentòm newolojik
- Vant fè mal ki pèsistan
- Souf anlè oswa doulè nan pwatrin
- Janm anfle
- Nouvo mak oswa gratèl

Si ou devlope nenpòt nan sentòm sa yo, rele founisè swen sante ou-oswa si ou kwè sentòm yo menase lavi ou, rele 911.

### **Èske gen yon bagay mwen ka fè pou anpeche sentòm sa yo?**

Kounye a, pa gen okenn mezi prekosyon oswa tretman nou rekòmande. CDC ak FDA yo ap kontinye kontwole sekirite tout vaksen yo.



**Mount  
Sinai**